Setelah observasi, analisis data kemudian menentukan garap lakon. Proses penciptaan setelah *sanggit* ditentukan adalah menentukan garap *adegan* dan garap tokoh, menyusun struktur *adegan/balungan lakon*, menyusun naskah/garap *catur*, eksplorasi dan menentukan garap *sabet*, eksplorasi dan menyusun garap *karawitan pakeliran* dari *Lakon Dewi Amba Prasetya*. Setelah semua tersusun kemudian diadakan latihan beberapa kali untuk mendapatkan bentuk pertunjukan pakeliran padat *Lakon Dewi Amba Prasetya* dan dilakukan evaluasi. Setelah bentuk pertunjukan pakeliran padat *Lakon Dewi Amba Prasetya* dirasa sudah mantab, selanjutnya hasil penciptaan tersebut akan dipentaskan di event Hari Wayang Dunia tahun 2024 di ISI Surakarta atau event lain dan disiarkan secara *live streaming* serta diunggah ulang di *channel youtube*. Karya ini akan melibatkan mahasiswa di Prodi Seni Pedalangan dan Karawitan ISI Surakarta sebagai pendukung sajian. Ketua peneliti bertindak sebagai dalang, dan anggota sebagai teman berdiskusi dalam menentukan *sanggit*, karakter tokoh, mencari sumber data, menganalisis data, membantu proses penciptaan karya. Penelitian ini juga akan melibatkan beberapa mahasiswa sebagai anggota untuk membantu mencari data, mengolah data, membedah lakon, menganalisa *sanggit*, terutama eksplorasi untuk garap *sabet* dan garap iringan pakeliran dan juga bersama-sama dalam proses penciptaan agar mahasiswa mendapatkan wawasan lebih dalam proses penciptaan karya sehingga diharapkan akan mempermudah mahasiswa dalam proses Tugas Akhir nantinya.

Luaran penelitian yang ditargetkan, yaitu: (1) Terciptanya *sanggit* baru *Lakon Dewi Amba Prasetya*; (2) Tersusunnya naskah pakeliran padat *Lakon Dewi Amba Prasetya* dengan deskripsi lengkap; (3) tersajikannya pertunjukan pakeliran padat *Dewi Amba Prasetya* pada event Hari Wayang Dunia 2024 ISI Surakarta atau

pada event lain dan disiarkan secara *live streaming* di *channel youtube*; (4) Submite artikel ilmiah; (5) terdokumentasikannya satu bentuk pertunjukan pakeliran padat *Lakon Dewi Amba Prasetya*; dan (6) diperoleh 1 sertifikat HKI.

Indikator capaian dari penelitian penciptaan (1) terciptanya *sanggit* baru *Lakon Dewi Amba Prasetya*; (2) tersusunnya naskah pakeliran padat *Lakon Dewi Amba Prasetya*; (3) submite artikel ilmiah; (4) tersajikannya pertunjukan pakeliran padat *Lakon Dewi Amba Prasetya* pada event Hari Wayang Dunia 2024 ataupun di event lain, dan disiarkan secara *live streaming* di chanal youtube; (5) dokumentasi pertunjukan pakeliran padat *Lakon Dewi Amba Prasetya*; dan (6) tersedia 1 sertifikat HKI.

Bagan Alir Penelitian

Penelitian artistik atau penciptaan seni “Garap Lakon Dewi Amba Prasetya dalam Perspektif Kuasa Wanita Jawa” disajikan dalam bagan alir sebagai berikut.

Sudah Dilakukan:

1. Wayang Kulit Purwa
2. Naskah Pakeliran Garap Padat
3. Wanita Kusumayuda
4. Perubahan penggunaan Sasmita Gendhing
5. Inovasi Pembelajaran Digital Makul Garap Pakeliran
6. Implementasi Garap Pakeliran Lakon Babad Wanamarta
7. Feminisme Sang Durgandini
8. Garap Lakon Kasetyan Jati Dewi Hagnyanawati



- Teori Pedalangan
- Estetika Pedalangan
- Garap Pakeliran
- Penulisan Lakon



Akan Dilakukan:

Pertunjukan Pakeliran Padat *Lakon Dewi Amba Prasetya*

- Implementasi Garap Pakeliran
- Garap *sanggit*
- Estetika pertunjukan *Lakon Dewi Amba Prasetya*
- Garap *Lakon Dewi Amba Prasetya* dalam Perspektif Kuasa Wanita Jawa

BAB IV

ANALISIS HASIL

A. Ringkasan Cerita dan Sanggit Lakon Dewi Amba Prasetya

Dewi Amba adalah putri raja Kasi, ia menjalin kasih dengan raja Salwa dan berjanji untuk hidup bersama. Namun cinta itu harus teruji manakala banyak sekali para raja dan satriya yang ingin meminang Dewi Amba dan kedua saudaranya, Dewi Ambika dan Dewi Ambalika. Raja Kasi bingung untuk menentukan siapa yang berhak menikahi putrinya. Bila salah satu dipilih dan diterima sebagai menantu, pastilah yang lain akan marah dan membuat kekacauan di Negara Kasi. Di Tengah kebingungannya Raja Kasi memanggil anak-anaknya untuk mendiskusikan keadaan negara yang terjepit situasi yang tidak aman.

1. aDegan Salwa + Dewi Amba....bantah sayembara
2. ngastina, Durgandini mengutus Astha Brata, untuk mengikuti sayembara
3. Wahmuka Arimuka
4. Perang gagal + Boma, Salwa,

B. Deskripsi Sajian

Pathet Nem

Wayang Amba *tanceb* di tengah, ditutup *kayon*. Dalang *dhodhog kothak*. Irian Ayak *Sindhung* tampil *kayon klowong* membingkai Amba kemudian *solah kayon gapuran*. *Kayon gapuran dientas*. Salwa keluar dari *gawangan* kiri, di tengah *kayon klowong*. Roman Salwa dengan Amba, iringan *sirep* dilanjutkan, *ginem*:


SALWA : *Sesotya memaniking jejantung Yayi Amba, bisa temen gawe brangta, esemmu sesak ngebegi dhadha, temah bangkit anenangi asmara.*

AMBA : *Sang Prabu Salwa, mboten geseh kaliyan Amba. Senadyan giliging kasetyan kula sampun tapis kasok mring andika. Prandene, kakangmas.*

SALWA : *Kepriye yayi?*

AMBA : *Wimbuh endah lamun cundhuking katresnan tinali sajroning janji palakrami.*


SALWA : *Iya yayi, apan kuwi kang dadya pangajabingsih. Entenana kalamangsa gambuhing wanci anakani pun kakang bakal prapta nganthi siadhi tumuju manising bebrayan.*



Buka vokal *bedhol* wayang Salwa dan Amba dilanjutkan adegan roman hingga vokal selesai. Irian menjadi transisi *budhalan*, kemudian adegan *budhalan* raja – raja. Irian *geteran* bayangan Salwa hilang iringan *seseg* Amba diputar ke kiri iringan menjadi *Ktw. Lintang wengi*, iringan *sirep* dilanjutkan *janturan*.

Kembang Kasipura Dewi Amba. Kawistingal layu guwayanira sayu awit kaprawasa genging kapang kang angepung. Hanggung gumana citrane nata Swantipura Prabu Salwa. Suprandene saya kuwur tyase dupi enget kehing raja panglamar kang ngayunaken sang kusuma. Kadya lebu kasaputing maruta sakala sirna kang angen-angen memba saleksa kingkin.

Irian *wudhar*, tampil Darmamuka dari *gawangan* kanan, iringan menjadi *Ayak-ayak Sl.Nem*, Darmamuka merangkul Amba, kemudian *tanceb* di kanan, Amba *nyembah* dan *tanceb* di kiri. Irian *suwuk* dilanjutkan *pathetan*, kemudian *ginem*.



DARMAMUKA : Amba, Yogane Prabu Darmamuka ing Kasi ya jenengingsun iki, ana telu kang mijil putri. Gandheng jenengsira kang mijil pambayun, mula dina iki sengaja sun kanthi catur netra, ngenani bab kang nedheng nemahi Praja Kasipura iki.

AMBA : Rama dewaji, jimat sesembahan kula. Bab menapa ingkang paduka penggalih?

DARMAMUKA : Amba, wus jamak lumrahe minangka wong kang andarbeni putra wadon, bakale ana kang mengku. Mangka dina iki, ing alun-alun Praja Kasipura kebegan para raja narpati ingkang ngayunake jenengsira sak adhi-adhimu pisan. Kepriye mungguh panemumu, Amba?

Pathetan Mambeng Pathet Nem

5 5 5 5 5 5 5 5 z3x c5
 Ma-ngu ma-ngu wang – wang ma - nge- ni
 z5x6x5c3 3 3 3 3 z/5c3 /5 6
 Ne- na-ngi o –neng- ing na la
 z6x/1c/5 z/5c3 3 3 3 3 z3c/5 z3c2 z3c6 z5x3c2 z1xx.c. z2x.3x2x1cy
 Ru- drah tan bang - kit pi – na- mbeng mam- beng, O O

(B.Subono, 2009:15)

AMBA : *Kanjeng Rama, menawi dipun keparengaken matur, mbok inggih sampun, prayogi tinampik kewala panglamaring raja narpati, jer katresnan menika mboten saget pineksa.*

DARMAMUKA : *Mangka dina iki Praja Kasipura nempuh bebasan kinepung wakul binaya mangap. Umpama gage-gage jenengingsun anampik kanthi pawadan apa wae, mengko yen agawe murinane para raja panglamar gedhene nganti gawe kapitunan ora wurunga jenengsira lan adhi-adhimu pisan uga katemahan.*

Ada Ada Laras Slendro Pathet Nem

6 6 6 6 6 6 6 6
Leng lenging driya mangu mangu
 2 2 2 2 2 2 z2c1 1
Mangungkung kandhuhan ri- mang
 2 2 2 2 2 2 z2x1x.cy , z3x5z1z.z1zyztc
Lir le- na tan-pa ka- nin, O

(Gunawan Sri, 1983/1984)

Iringan *Srepeg Sl Nem* dhalang ngombang iringan ngelik, Amba dibedhol kemudian berjalan ke kanan, tanceb di debog kanan bawah belakang Darmamuka. Tampil Wahmuka iringan seseg kemudian suwuk.

Ada Ada Laras Slendro Pathet Nem

Ada ada Nem Jugag Arimuka tampil dari gawangan kiri kemudian menyembah, tancep di debog kiri kemudian dilanjutkan ginem.

DARMAMUKA : *Sumengka pangawak bajra, Wahmuka lan Arimuka ana apa?*


WAHMUKA : *Katiwasan Kanjeng Rama, para raja panglamar ingkang sami anengga dhawuh paduka sami murina, awit sampun sawetawis dangu dereng pikantuk wangsulan.*

ARIMUKA : *Kanjeng rama, sedaya kantun ngentosi dhawuh paduka. Menawi kedlarung, tan wande Praja Kasi badhe dados karang jingga. Awit para narendra ingkang angrantu, kinanthen jangkep sawadyabalanipun pisan.*

DARMAMUKA : *Banjur kepriye pamrayoganira?*

ARIMUKA : *Kados pundi menawi kagelar sayembara prang tandhing, baya sinten ingkang saget ngasoraken kula kekalih,menika ingkang sembada mboyong raja putri Kasipura.*

DARMAMUKA : *Nanging anane sayembara iki prasasat suduk gunting tatu loro. Iya lamun jenengsira kuwawa ngundurake*



pangamuke raja panglamar, sisip sembire lamun ana raja narpati kang kuwawa nrenggalani krodhamu sakarone, ateges jeneng inggun kelangan putra loro pisan kang uga banget daktresnani.

ARIMUKA : *Kanjeng Dewaji. Para raja menika sampun ngangseg. Kula kinten boten wonten margi sanes.*

DARMAMUKA : *Ilhadalah, yen mangkono ubarampening sayembara sun pasrahaken jenengsira, jer inggun pitaya klawan kasektenira sakarone.*

AMBA : *Kula ingkang mboten sarujuk*

Iringan ilustrasi kagetan dilanjutkan Srepeg Sl Nem, sirep dilanjutkan ginem.

AMBA : *Ateges Kasipura ngasoraken drajating wanita, awit mapanaken kenya amung sadrajating bebingah sajroning sayembara. Kalih saudhon, tiga mung kinarya sauruban.*

DARMAMUKA : *Amba, ora teges kaya mangkono nanging coba pirsanana akehing para raja kae. Apa prayogane sira milih salah sawiji, nanging yen tinampa salah sawiji liyane mesthi mesgul atine, ora wurung Kasipura malah dadi rerempon. Kiraku ora ana dalan liya kejaba anane sayembara iki.*

AMBA : *Nanging kula sampun anggadhahi pilihan priya ingkang badhe kula suwitani.*

DARMAMUKA : *Amba, amba! Sira aja nggugu karepmu dhewe, emanen rusaking Praja Kasipura, mung kanthi sayembara perang iki sing bisa nyapih pangamuking para raja narpati, pisan iki pun rama minta mulunging atinira murih tentreming negara. Tur maneh, sayembara iki ngiras kanggo nodhi kasetyane pacanganmu. Yen pancen lanang jurite kudune mupu sayembara minangka tandha yekti antebing katresnane. Manuta pun Rama ya, nini!. Wahmuka lan Arimuka temonana raja narpati, jeneng ingsun nayogyani kang dadi aturira, gage sawega lan tata-tataa.*

Iringan *Srepeg Sl Nem* Wahmuka dan Arimuka *sembah* kemudian dientas ke kiri, Darmamuka mundur ke kanan iringan seseg, Amba berjalan sampai tengah, iringan *sirep* dilanjutkan monolog.

AMBA : *Jagad Dewa Bathara. Laksitaning lelakon sasat nedya amungut rasaning Amba. Kanjeng Rama, katresnan menika uruping jiwa ingkang kedahipun nguripi. Pagene kedah ginayuh mawa bandayuda ingkang tetela badhe nuwuhaken kapitunan. Amba mboten sarujuk wontenipun sayembara menika, Rama Dewaji.*

Bayangan Amba membesar iringan *wudhar*, Bayangan Amba hilang iringan *seseg*. Wahmuka tampil dari *gawangan* kanan iringan menjadi *Srepeg Kabiman*, tampil Wahmuka iringan *sirep* dilanjutkan *monolog*.

WAHMUKA : *He Para Raja Panglamar, manut dhawuh kang kaweca saka sinuwun Prabu Darmamuka, dina iki kaadanan sayembara perang tandhing. Sapa wae kang bisa nyempal bahu kanan kering e Wahmuka lan Arimuka ya kuwi kang sembada amboyong Dewi Amba, Ambika, Ambalika.*

Iringan *wudhar* Wahmuka dan Arimuka keluar ke kiri. Wahmuka tampil dari *gawangan* kanan, Prabu Sengkelat tampil dari *gawangan* kiri, kemudian perang iringan menjadi *Sampak Cingguling* Prabu Sengkelat kalah, iringan *seseg* kemudian Wahmuka *getak* iringan menjadi *Sampak Sl Nem*, Prabu Sengkelat terpental ke kiri. Tampil Prabu Gandewa dari kiri menyerang Wahmuka, lalu Wahmuka kalah ditendang. Tampil Arimuka dari *gawangan* kanan. Lalu Prabu Gandewa disaut Arimuka kemudian dientas ke kiri, tampil dari *gawangan* kanan Prabu Gandewa dibuang

Arimuka. *Sigeg kayon*, iringan menjadi *Jineman Ayu Kuning* Salwa tampil dari *gawangan* kiri, Amba tampil dari *gawangan* kanan, Salwa *tanceb* di kiri, Amba *nyembah* iringan menjadi *Srepeg Sl Nem*, *sirep* dilanjutkan *ginem*.

AMBA : *Sinuwun Salwa, cumengklungen anggen kula angrantu rawuh paduka ing Kasi. Jer namung paduka ingkang kula antu-antu saged mboyong Amba dhateng Swantipura*

- SALWA** : *I lhadalah, yayi Amba Jejimating atiku. Kaya ngapa kagyate pun kakang bareng teka ing Kasipura tinemune siadhi wus ingadegake sayembara perang tandhing.*
- AMBA** : *Punika sanes pikajengipun Amba, awit boten wonten cara sanes.*
- SALWA** : *Yen ngono siadhi wis ora tresna marang pun kakang?*
- AMBA** : *Sedaya menika awit keparengipun kanjeng rama. Mila namung paduka ingkang kula ajeng ajeng saged ngasoraken kridhanipun Wahmuka Arimuka saengga kula lan paduka saged gesang sesarengan.*
- SALWA** : *Ya Yayi. Dak trajange lelakon iki nadyan rumpil dalane, gedhene bisa ngglandhang nyawane Salwa, bakal ndak temaha minangka tandha gedhening katresnanku marang Yayi Amba.*

Iringan wudhar, Salwa ngrangkul Amba dientas ke kanan iringan seseg. Salwa tampil dari *gawangan* kiri, iringan menjadi *palaran kinanthi*, Arimuka tampil dari *gawangan* kanan, Salwa *endha*, Arimuka dientas ke kanan. Perang Salwa melawan Wahmuka dan Arimuka.

Pathet Sanga

Iringan seseg kemudian garap transisi menjadi *Sampak Kasindhungan* Salwa kalah iringan menjadi *Sampak Sl Sanga*. *Sigeg kayon*, Dewabrata tampil dari *gawangan* kiri. Iringan *sirep* kemudian *ginem*.

DEWABRATA : *Ilhadalah, tinemune kaya mangkene kahananing kang padha andon yuda, he wong Kasipura, lan kabeh wae nalendra panglamar, iki Dewabrata ayonana*

Iringan *wudhar* Wahmuka tampil dari kanan. Dewabrata perang melawan Wahmuka dan Arimuka, Dewabrata jatuh, lalu mengeluarkan *pengabaran*, Iringan *sirep*, dilanjutkan *pocapan*.

Sedhakep Sang Dewabrata sakala medal pagaribawa saking angganira satemah lolos bebayuning angga Wahmuka lan Arimuka.

Keluar *pengabaran*, iringan *wudhar*. Tampil Wahmuka dan Arimuka terkena *pengabaran* kalah. Wahmuka dan Arimuka *tanceb* di *gedebog* kiri bawah, tampil Dewabrata dari *gawangan* kiri iringan menjadi *Sampak Sl Sanga*. Iringan *suwuk*, dilanjutkan *ada ada*.

Ada Ada Laras Slendro Pathet Sanga

WAHMUKA : *Adhuh Raden aku patenana wae Raden,*

ARIMUKA : *Inggih Raden, kula pasrah jiwa raga.*

DEWABRATA : *Dudu watake Dewabrata nangsaya mungsuh kang wus kasoran. Lamun sira wus nelakake panungkul, tegese peperangan dak anggep rampung.*

Iringan *Ayak Si Sanga* Tampil Prabu Darmamuka dari *gawangan* kanan kemudian *tanceb* di *gedebog* atas. Dewabrata *nyembah* kemudian *tanceb* di *gedebog* kiri bawah. Iringan *suwuk*, dilanjutkan *ginem*.

DARMAMUKA : Hyang Suksma mangadi luwih, mugi mayungana Praja Kasipura, mangko ta kisanak, jenengsira iku satriya saka ngendi dene ngedap-edapi kaprawiranira, dhasar kasinungan kawicaksanan katitik, babar pisan tan kasdu akarya pepati.

DEWABRATA : Dhuh sinuwun, kula Pun Dewabrata putra nata Ngastina.

Pathetan Jugag Pathet Sanga

DARMAMUKA : Lhadalah ora mrucut saka kudangan lan jumbuh klawan angen-angening batinku, tinemune kang bisa mengku anak-anakku iki dudu wong loro saudhon telu sauruban. Kuncara lan kautamaning Praja Ngastina mesthi bisa numrapi marang Kasipura. Iya Raden Dewabrata, atiku mathuk, rasaku wus cundhuk. Putriku sakkatelune pisan borong sun pasrahake marang sira.

DEWABRATA : *Inggih sinuwun, dinten samangke kula nyuwun pamit
wangsul mring Praja Ngastina.*

Iringan *Srepeg Ponoragan* Dewabrata menyembah kemudian dientas ke kiri, Tampil Ambika, Ambalika keduanya dirangkul kemudian dientas ke kiri. Amba tampil dari kanan kemudian menyembah dan dientas bersama dengan Darmamuka ke kiri diikuti oleh Wahmuka dan Arimuka. Tampil kereta dari *gawangan* kanan, *tanceb* di kanan. Dewabrata tampil dari *gawangan* kanan, *tanceb* di kiri. Ambika dan Ambalika dari kanan naik ke kereta. Amba tampil dari kanan kemudian mendekati Dewabrata, lalu *tanceb* di depan Dewabrata. Iringan *suwuk*, kemudian *Ada ada Pathet Sanga* dilanjutkan *ginem*.

DEWABRATA : *Pambayuning narendra Kasipura, Yayi Amba, yagene
siadhi nora enggal munggah rata malah tawang-tawang
tangis, Yayi.*

AMBA : *Sang Dewabrata ingkang mahambeg utama ing budi.
keparenga kula badhe matur.*

DEWABRATA : *Apa isih ana bab kang anjalari mangu-mangu jroning rasamu?
Mara gage prasajaa*

AMBA : Ing sekawit kula mboten sarujuk wontenipun sayembara
menika, ingkang ateges ngasoraken drajating kenya.

DEWABRATA : Sak banjure?

AMBA : Sayembara menika wengis dene angrudapaksa raosipun
Amba. Angen-angen anggadhahi garwa sekti mandraguna
menika pancen dados salah satunggaling panglimbang,
parandene kaprawiran mboten namung binobot sarana
kanuragan. Tur ta malih, tiyang jejodhoan menika kedah
linambaran menapa kemawon?

DEWABRATA : Tumrapping Dewabrata kudu linambaran katresnan sejati,
tegese antarane priya lan wanita kudu padha - padha
nduweni rasa tresna, ora bisa tresna kuwi kepok tangan
sawiji.

AMBA : Raden, yektosipun kula sampun anggadhahi pacangan,
angen-angen kaendahan tumrapping bebrayan ingkang
kula anam samangke sampun sirna, tapis tanpa sisa.

Ada Ada Jugag Laras Slendro Pathet Sanga

1 1 1 1 1 1 1 1

Kawang wang wa-gun li-na-ras

2 2 2 2 2 2 1 cy y 2 1 x.c.

Ka-ek-si mar-gi - yuh, O

(Gunawan Sri Hascaryo, 1983/1984:10)

DEWABRATA : *Amba, aku bisa ngrasakke susahing atimu, tumraping rasa kamanungsan aku bisa nampa kabeh aturmu, aku ora wenang meksa rasamu, senadya sira sak wutuhe dadi kuasaku. Tumraping pranatan jenengsira wus dadi putri boyongan, mula dina iki aku dhewe kang bakal nyowanake yayi dewi marang pacanganira. Mara gage munggah a rata.*

Iringan *Srepeg Purjan*, Amba naik ke kereta disusul dewabrata kereta berjalan ke kiri, satu *rambahan*. Tampil kereta Salwa dari kanan, kemudian menyusul kereta Dewabrata dari kanan menuju ke kiri. Tampil Salwa dari kiri, Amba dari kanan, kemudian keduanya *tanceb* di *gedebog* atas. Iringan *suwuk*, kemudian *Ada ada Pathet Manyura*, dilanjutkan *ginem*.

Pathet Manyura

Ada Ada Pathet Manyura

1' 1' 1' 1' 1' 1' 1' 1' 1' 1' 1'
Meh ra – hi - na se- mu - bang hyang a – ru -na
 z3_5c6 6 6 6 6 6 6 6 6

Ka - di ne – tra - ne u - ga ra - puh

2 2 2 2 2 2
Sab – da – ning ku – ki -la

3 3 3 3 3 3 z3_2c1 1 z2_c.
Ring ka – ni – ga – ra sa – ke - ter, O

(S. Darsomartono, 1978:30)

SALWA : *Yayi amba, ana wigati apa dene sira nyandhet lakuku*

AMBA : *Sinuwun Salwa, nadyan tangkep bumi langit, risaking jagad kinelun, mboten badhe nglunturaken katresnan lan kasetyan kula.*

SALWA : *Yayi Amba, emane kalamangsa jantraning angen-angen geseh klawan kasunyatan. Jer wiwit dina iki katresnanmu lan katresnanku pinisah dening garising pepesthen.*

AMBA : *Nanging katresnan kula muhung dhumateng paduka.*

SALWA : *Nadyan pun kakang ngerti sepira gedhene katresnanmu marang Salwa, nanging sayembara buktekake aku ora isa boyong Yayi Amba.*

AMBA : *Nanging tesih wonten margi sanes, wonten sanjata ingkang sakalangkung ampuh, kinarya njebol betenging pesthi ingkang saklangkung kukuh.*

SALWA : *Apa kuwi yayi?*

AMBA : *Pambudidaya saha pandonga. Nering pandonga tansah kaesthi amung jengandika kang dadya tuntuming pamudya, kantun boboting pambudidaya kadospundi murih kasembadaning sedya. Raden Dewabrata sampun nglilani, kula wangsul dhumateng paduka.*

Ada Ada Jugag Pathet Manyura

SALWA : *Iya Amba, aku banget ngaturake panuwun klawan mulunging penggalih Raden Dewabrata. Nanging bab iki kepara dadi ribeding atiku.*

AMBA : *Sababipun punapa?*

SALWA : *Sabab kaya ngapa suraking narendra sewu negara lamun ngawuningani perkara iki?*

AMBA : *Lajeng kersa paduka kadospundi?*

SALWA : *Pun kakang kepengin imbal pangandika klawan Raden Dewabrata.*

Iringan Srepeg Sl Manyura Amba dientas ke kiri. Dewabrata maju dan tanceb. Iringan suwuk kemudian ada ada jugag pathet manyura dilanjutkan ginem.

Ada Ada Jugag Pathet Manyura

2 2 2 2 2 2 2 2

Dhuh ret – na ning ba- wa - na

3 3 3 3 3 3 z3x2c1 1 z2x.c.

Ya ki tu – kang wa – lang a- ti, O

(Sutrisno, 1969:8)

SALWA : *Raden Dewabrata, ditepungake ingsun Prabu Salwa.*

DEWABRATA : *Inggih Sang Prabu kula pun Dewabrata. Kula sampun uninga bilih paduka wonten sambetan katresnan kaliyan Amba. Dosa menapa ingkang kula sandhang menawi Dewabrata misahaken katresnan, mila sumangga keparenga mengku yayi Dewi Amba, kula lila legawa.*

SALWA : *Raden, senadyan gedhe katresnanku marang Amba, nanging bakal asor drajating kaprawiranku lamun nampa Amba kanthi cara mangkene.*

DEWABRATA : *Kersa paduka kados pundi?*

SALWA : *Kanggo njaga jiwa satriya, Amba dak jaluk sarana prawira uga. Seblakna dhadhamu, Dewabrata.*

Iringan *Ganjur Taliwangke* Salwa kemudian berperang melawan Dewabrata. Salwa dan Dewabrata *cengkah*, tampil bayangan Amba dari tengah membesar, bayangan Salwa dan Dewabrata membesar kemudian, iringan *sirep*, dilanjutkan *pocapan*.

Wimbuh sebit *tyase Sang Kusumayu Dewi Amba*, mulat kang samya andon yuda. Ironing *tyas kumudu anjerit parandene kandheg ing tenggak*, temah tan kuwawa angunandika. Amung ilining waspa kang tan kendhat humijil memba talaga sewu rudhatin.

Bayangan Amba diturunkan ke bawah dan menghilang. Salwa dilemparkan dan terjatuh, tampil Amba dari kiri menghampiri Salwa dan *tancep* di sebelah kanan *gedebog* bawah, Salwa *tancep* di kiri *gedebog* atas.

Iringan *sirep* dilanjutkan *ginem*.

SALWA : *Yayi, wirangku cukup cinupet semene Amba, pinesthi tresnaku lan siadhi tan bisa gambuh. Yayi, andum basuki dongaku jumurung marang siadhi.*

AMBA : *Kakang mas.....*

Iringan *Srepeg Tlutur* Salwa dientas ke kiri, Amba menjerit, kemudian menghadap ke kanan. Tampil Dewabrata dari *gawangan* kanan, Amba berbalik menghadap ke kiri *tanceb gedebog* atas. Iringan ilustrasi dilanjutkan *ginem*.

DEWABRATA : *Sawise nemahi lelakon kang kaya mangkene. Kepriye mungguh antebing rasamu, Amba?*

AMBA : *Kehing lelampahan ingkang sinandhang dening Amba sasat dados lantaran piwulanging gesang. Raden, yektinipun mboten wonten sanes katresnan kula, kejawi dhumateng kakang Prabu Salwa ingkang badhe kula suwitani. Jer nyatanipun garising pesthi mboten saged nyawiji. Upami kula badhe ndherek ngayom ing Astina ateges kula anyelaki gegebenganing batos kula.*

DEWABRATA : *Yayi, pun kakang ngerti apa kang dadi legetaning atimu, Dewabrata ora meksa rasamu. Banjur kersane siadhi kepriye?*

AMBA : *Dangu sangsayaning dangu angen-angen tumrap blegering katresnan jati sangsaya klawu temah sirna kang ginantha. (Iringan buka celuk Ktw Kembeng Pt Pl Brg , sirep kemudian dilanjutkan ginem)*

Pramila saking menika, sarehning katresnan kula sampun mboten saged nyawiji, kula badhe amecaki margi gesang kula sawetahipun, badhe kula sramakaken kangge hayuning sesami, kanthi hanyaket mring panguwasaning Gusti. Andhadha sekathahing kodrat ingkang badhe kula temahi mbenjang. Keparenga kula nyuwun pamit.

Iringan wudhar, Amba dientas ke kiri Dewabrata bayangan membesar dan dientas ke kanan. Amba berada di tengah. Iringan ilustrasi sirep dilanjutkan pocapan.

Pocapan :

Kusuma Kasipura, milaur bisu saka werdhining katresnan kang saya klawu. Jegreg anglir sela lelumban jroning alam margiyuh. Parandene sang puspita pinesthi tan layu. Saya tebih jangkahing suku anilar lelakon amiling ghaibing pesthi, sasat saya kenceng tekadira anis ngungkuraken weriting katresnan.

Sapecak tindake kinanthenan grengsenging pangesthi kang arum mangambar malela dadya donga, kumendheng ngebeki Bumi.

Iringan *wudhar*, komposisi *kayon* kanan dan kiri, kemudian *ditanceb* miring kiri dan kanan. Tampil *kayon klowong*, kemudian *kayon klowong* dimasukan setengah badan lalu *ditancep* Tengah

C. Kuasa Wanita Jawa dalam Lakon Dewi Amba Prasetya

Wanita yang terlihat sebagai makhluk yang lemah, tidak punya kekuatan, santun dan

Karena pengaruh budaya barat termasuk budaya arab mempengaruhi budaya Jawa dan mampu mengikis budaya Jawa. Dapat kita lihat pada sisi busana wanita Jawa, ss



DAFTAR PUSTAKA

- Aziz, Abdul dkk. 2015. *Buku Saku: Gender, Islam dan Budaya*. Pusat Studi Gender dan Anak (PSGA) UIN Sunan Ampel Surabaya.
- Ariani, Iva. 2016. *Feminisme Dalam Pergelaran Wayang Kulit Purwa Tokoh Dewi Shinta, Dewi Kunti, Dewi Srikandi*. Jurnal Filsafat Vol 26. No 2. UGM Yogyakarta.
- Bhasin, Kamla. 2001. *Memahami Gender*. Jakarta: TePLOK Press.
- Handayani, Christina S. 2008. *Kuasa Wanita Jawa*. Yogyakarta: LKiS
- Harti, Sri. 2019. *Wanita Kusumayuda*. Surakarta: ISI Press Surakarta.
- Harti, Sri. 2007. “Nilai-nilai Kewanitaan dalam Pertunjukan Wayang Kulit Lakon Gatutkaca Lahir Dalang Nyi Sopiah Peni Carito”. Tesis untuk memenuhi sebagian persyaratan guna mencapai derajat Sarjana S-2, Program Studi pengkajian Seni minat Pewayangan Nusantara, Program Pasca Sarjana ISI Surakarta.
- Jakaraharja, Mujaka. 2005. “Pitedah Sarta Tuntunan Andhalang Lampahan Wahyu Purba Sejati”. Koleksi Perpustakaan Jurusan Pedalangan.
- Kusuma, Asrining. 2024. “Amba Prasetya Wakya”. Skripsi Karya Seni sebagai syarat untuk mendapatkan derajat S-1. Koleksi Perpustakaan ISI Surakarta.
- Najawirangka. 1960. *Serat Tuntunan Pedalangan Tjaking Pakeliran Lampahan Irawan Rabi*. Jogjakarta: Tjabang Bagian Bahasa Djawatan Kebudayaan Departemen P.P. dan K.

Padmosoekotjo, 1982. *Silsilah Wayang Purwa Mawa Carita Jilid 3*. Surabaya: CV Citra Jaya.

Rahmadi, Tristuti (tt). “Balungan Lakon Babon Ngasinan”. Buku ketikan koleksi pribadi.

Reinharz, Shulamit. 2005. *Metode-metode Feminis dalam Penelitian Sosial*. Jakarta: Women Research Institute.

Setyowati, Hery. 2013. *Representasi Feminisme Srikandi dalam Pertunjukan Wayang Orang Lakon Bisma Gugur*. Jurnal Catharsis Vol 2 No.1. Universitas Negeri Semarang.

Sudarko, Sudarsono, Sunarto, Suratno. 1993. *Pakeliran Padat Pembentukan dan Perkembangannya*. Laporan Penelitian. Sekolah Tinggi Seni Indonesia (STSI) Surakarta.

Sumanto. 2007. “Dasar-dasar Garap Pakeliran” dalam *Teori Pedalangan Bunga Rampai Elemen-elemen Dasar Pakeliran*. Editor Suyanto. Surakarta: ISI Press Surakarta.

Suyanto, 2007 “Unsur-unsur Garap Pakeliran” dalam *Teori Pedalangan Bunga Rampai Elemen-elemen Dasar Pakeliran*. Editor Suyanto. Surakarta: ISI Press dan Saka Production.

Narasumber

Giyah Supanggah, 58 tahun, Seniman dalang, Klaten

Sopiah, 57 Tahun, Seniman dalang, Purwokerto

LAMPIRAN



**Tokoh Dewi Amba
sebagai Tokoh Utama dalam Garap Lakon Dewi Amba Prasetya**



Wawancara dengan Nyi Sopiah Peni Carito, seorang dalang perempuan dari Kebumen dan Ki Bagas Kriswanto dalang Banyumas. Dok. 14 Juni 2024



Wawancara dengan Nyi Giyah Supanggih seorang dalang perempuan dari Klaten.

Dok 30 Mei 2024